

KISA A1C MWEN VLE DI ?

A1C a se yon analiz san ou fè swa nan klinikdoktè oswa nan klinik medikal. Li bay :

- Nivo mwayen glisemi ou a pou 3 dènye mwa yo.
- Chans ou genyen pou w gen pwoblèm sante akòz dyabèt la.

Pou ki mwen bezwen sa ?

Rezulta egzamen A1C ou a se li ki miyè jan pou w konnen si glisemi w byen kontwole alalong.

Nan ki valè A1C a bon ?

7 oubyen pi ba. Se oumenm avèk doktè k ap swiv ou a oubyen anseyan sou dyabèt la ki va deside (objektif) valè A1C ki pi byen pou ou a.

**Fè MYE,
pran TÈS la !**

